

# SAVES

**“SKILLS FOR ACADEMIC, VOCATIONAL, AND ENGLISH STUDIES PROGRAM”  
(LADRÈS POU PWOGRAM AKADEMIK, VOKASYONÈL, AK ETID ANGLÈ)**

## KONTRA ELÈV

**BI SAVES:** Bay edikasyon adilt pou refijye, sèvis edikasyon vokasyonèl ak bousetid pou ogmante potansyèl anplwa pou kliyan refijye/“entrants” (refijye ki gen pèmasyon pou antre nan peyi a) elijib ki abite nan Miami-Dade County, Florid.

**BENEFIS:** Kòm yon elèv ki nan SAVES, ou kalifye pou resevwa benefis ki ekri anba yo, si ou isit ozetazini pandan 60 mwa oubyen pandan 60 mwa de dat out e apwouve pou azil:

- ✓ Klas Anglè/GED/Preparasyon pou Sitwayènte
- ✓ Liv/Materyèl Edikatif (ou dwe resevwa yo apre ou te pase 15 èdtan prezan nan klas).
- ✓ Fòmasyon Vokasyonèl pou jiska twa trimès
- ✓ Anplwa/Referal pou Swen Timoun (si nesèsè)
- ✓ Konsèy sou Kou/Konsèy sou Patisipasyon
- ✓ Frè Lekòl yon sèl fwa pou chak nivo klas/kou
- ✓ Resètifikasyon/Rekalifikasyon (lè yo satisfè kritè yo)
- ✓ Tikè pou Otobis (si sant la ofri yo)

## RESPONSABLITE ELÈV LA:

1. Si yon elèv pa demontre pwogrè ki dokimante nan yon kou pandan nenpòt ki trimès, li ap oblije peye frè ekolaj an blòk \$30.00 pou regran kou a.
2. Elèv la dwe montre pwogrè ki dokimante oubyen yo ka rejte benefis yo, e aprè yon twazyèm esè nan yon nivo, yo ap sispann sèvis yo.
3. Yo atann pou elèv la gen prezans ki satisfèzan pou l resevwa/kenbe benefis yo.
4. Elèv la dwe enfòmè enstriktè a/yo e kontakte l si li absan oubyen si l bezwen absan.
5. Elèv la dwe enfòmè enstriktè a/yo si li soti oubyen li bezwen soti nan kou a.
6. Yo atann pou elèv la remèt liv/materyèl yo si li soti nan kou a.
7. Elèv SAVES ESOL bezwen enskri bonè ase nan trimès la pou yo ka akimile 70 èdtan enstriksyon pou resevwa benefis.
8. Elèv SAVES ESOL ki elijib pou egzamen aprè kou a, e ki pa pran egzamen aprè kou a, yo retni yo e yo pap resevwa benefis SAVES jiskaske yo pran egzamen aprè kou a.

Mwen, \_\_\_\_\_, li Kontra Elèv SAVES la e mwen dakò pou m konfòmè m avèk demand li yo.

\_\_\_\_\_  
Siyati Elèv la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati ki sou Kontra SAVES la